



Enfòmasyon Jeneral sou Green Cart yo nan Vil New York

Green Cart Vil New York (NYC) yo se kabwèt ak kamyon manje ki pote fwi ak legim fre ak lòt manje ki bon pou lasante nan katye ki pa jwenn pwodui agrikòl fre fasil. Machann Green Cart yo dwe gen yon lisans machann manje anbilan Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (Depatman Sante) Vil New York, e chofè kabwèt ak kamyon yo dwe gen yon pèmi Green Cart (Fwi ak Legim Fre) Depatman Sante a.

Ki manje yon Green Cart ka ofri?

Green Cart yo ofri fwi ak legim kri antye, ki pa koupe tankou kawòt, fig, pòm ak fwi grenn antye; dlo pou bwè nan boutèy; nwa san anyen ajoute ladan yo; ak fwi ak legim tranche oswa koupe si kabwèt oswa kamyon manje a gen ekipman pou kenbe manje frèt ak tou anbale. Pou plis enfòmasyon sou sa Green Cart yo kapab vann, ale sou nyc.gov/greencarts.

Ki kote yon Green Cart ka fonksyone?

Green Cart yo fonksyone nan pòs lapolis ki deziyen pou sa. Ale sou nyc.gov/greencarts pou jwenn plis enfòmasyon.

Konbyen pèmi Green Cart ki genyen?

NYC mete 1,000 pèmi Green Cart disponib: 350 pou Brooklyn, 350 pou Bronx, 150 pou Manhattan, 100 pou Queens ak 50 pou Staten Island.

Konbyen sa koute pou jwenn yon pèmi Green Cart?

- Pri pou kòmanse: Pou mande yon pèmi Green Cart, ou dwe gen yon lisans machann manje anbilan valid. Si ou poko gen lisans, ou dwe peye \$53 pou Kou sou pwoteksyon Manje pou Machann Anbilan an ak \$50 pou lisans la, ki valid pou dezan. Si yo ofri ou yon pèmi Green Cart, pèmi an koute \$75 e li valid pou dezan.
- Pri renouvelman: Li koute \$50 pou renouvle lisans ou chak dezan, plis yon frè \$10 pou peman taks. Li koute \$50 pou renouvle pèmi w lan chak dezan.
- Yo anile frè pou lisans ak pèmi an pou ansyen konbatan Etazini ki gen Sètifika Kòlpoète Eta New York la, oswa pou mari/madanm oswa moun ki plase avèk yon Ansyen Konbatan ki mouri ki te gen sètifika sa a.

Kijan mwen kapab jwenn yon lisans machann manje anbilan?

Rele **311** epi mande pou "Mobile Food Vendor License Application" (Demann Lisans pou Machann Manje Anbilan) oswa ale sou www1.nyc.gov/nycbusiness/description/mobile-food-vending-license.

Kijan mwen kapab mande yon pèmi Green Cart?

Se moun ki nan yon lis datant pou pèmi Green Cart ki resevwa pèmi Green Cart. Gen yon lis datant pou chak awondisman. Yo kreye yon nouvo lis datant lè lis ki genyen kounye a vin fini. Ou ka fè demann pou antre nan lis datant pou pèmi Green Cart yo pandan peròd kote lis datant yo ouvè. Pou jwenn plis enfòmasyon sou ki lè peryòd kote lis yo ouvè yo ap ye, ale sou nyc.gov/greencarts.

Kisa k ap rive lè mwen fin depoze fòmilè demann mwen an pou antre nan lis datant la?

Depatman Sante a pral etabli yon lis datant demandè pou chak awondisman dapre gwoup priyorite yo ak yon sistèm lotri. Depatman Sante a ap voye yon kat postal pou ou pa lapòs ki gen nimewo lis datant ou e l ap voye yon demann pèmi pou ou lè yo chwazi ou nan youn nan lis datant ki genyen yo pou chak awondisman.

Priyorite a pou pozisyon nan yon lis datant baze sou yon sistèm pwen. Demandè ki gen andikap yo, ansyen konbatan Etazini ki gen oswa ki pa gen andikap ak demandè ki deja sou lòt lis datant pou pèmi machann manje anbilan Depatman Sante a ap resevwa plis pwen. Demann yo nan chak gwoup priyorite resevwa yon nimewo owaza nan lis datant la. Si ou pa kapab montre prèv ou fè pati yon gwoup priyorite lè yo fè ou konnen ou ka fè demann pèmi an, y ap rejte demann ou an pou antre nan lis datant pou tout awondisman ou chwazi yo e w ap gen pou refè demann nan lè lis datant la re-ouvè ankò.

Mwen wè gen awondisman ki gen plis pèmi Green Cart pase lòt. Èske m ap gen plis chans si mwen chwazi plis pase yon awondisman?

Chans ou pou yo chwazi ou pou fè demann pèmi depann de ki kantite demandè ki genyen, de gwoup priyorite w lan ak de si ou lentansyon fonksyone nan plis awondisman. Lè w ap fè demann pou antre nan lis datant la, chwazi tout awondisman kote ou gen lentansyon fonksyone ak Green Cart la. Si ou gen lentansyon fonksyone nan yon sèl awondisman sèlman, ou dwe chwazi yon sèl.

Si mwen fè demann pou antre nan lis datant pou Green Cart yo, èske n ap wete non mwen nan lòt lis datant pou pèmi machann manje anbilan yo?

Non. Lis datant yo pou lòt kalite pèmi pou machann manje anbilan yo ak pèmi Green Cart yo se bagay apa. Lè ou fè demann nan yon lis datant pou pèmi Green Cart sa p ap gen konsekans sou estati ou oswa pozisyon ou nan okenn lòt lis datant pou pèmi machann manje anbilan.

Si mwen deja gen yon pèmi machann manje anbilan, èske mwen ka jwenn yon pèmi Green Cart tou?

Ou kapab gen yon sèl pèmi machann manje anbilan alafwa sèlman. Si ou fè demann nan e yo chwazi ou pou yon pèmi Green Cart e ou aksepte pèmi sa a, w ap gen pou remèt lòt pèmi machann manje anbilan w lan.

Kijan mwen kapab jwenn yon Green Cart?

Ou dwe achte pwòp kabwèt ou epi Depatman Sante a dwe enspekte epi apwouve kabwèt ou a anvan ou fonksyone avèk li. Ale sou nyc.gov/greencarts pou jwenn yon lis fabrikan kabwèt ki apwouve.